

Dwa Ou Genyen Lè yo Depoze yon Plent Kont Ou

Yo **endike** yon rapò yo bay nan Rejis Nasjonal Eta New York la sou Abi ak Move Tretman Timoun (SCR) apre yon ankèt Administrasyon Vil New York pou Sèvis Timoun (ACS) t ap mennen. Sa vle di ACS detèmine apati yon kantite prèv ki jis, ou te maltrete ak/oswa abize youn oswa plizyè timoun.

Ou gen dwa pou ou konteste desizyon sa a epi mande yon odyans administrativ (yo konnen tou sou non odyans san paspouki) dapre atik 422 nan Lwa sou Sèvis Sosyal yo, **pou ou mande pou yo amande konklyzon an pou yo deklare li san fondman epi sele li.**

Si ou ta renmen konteste, ou dwe swiv etap sa yo nan 90 jou oplita apre ou fin resevwa Avi Endikasyon (Notice of Indication, NOI) an (ki se yon lòt fòm ACS ap voye ba ou). Delè legal pou konteste a se 90 jou apati dat ou resevwa Avi Endikasyon an, **se pa fich enfòmasyon sa a.**

Pou w konteste, w ap bezwen:

- Ekri Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta Nouyòk la (New York State Office of Children and Family Services) yon lèt pou w mande pou yo revize rapò w la.
- Mete yon kopi Avi Endikasyon an (se yon lèt apa yon Espesyalis nan Pwoteksyon Timoun nan ACS bay) oswa Nimewo Idantifikasiyon Dosye a ak nimewo Etap Admisyon ki anlè nan kwen adwat NOI a. (FICH ENFÒMASYON SA A P AP ASE.)
- Mete nenpòt enfòmasyon ou panse ki enpòtan pou kontestasyon w lan.
- Ou kapab mande yon kopi dosye SCR ou yo nan menm lèt la tou.
- Voye demann alekri w la nan kourye lapòs nan:

Biwo pou Sèvis Timoun ak Fanmi yo nan Eta New York la (New York State Office of Children and Family Services)
Rejis Nasjonal Eta a (Statewide Central Register)
P.O. Box 4480
Albany, NY 12204

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis kontestasyon an, kijan yon rapò konsa ka afekte travay ou, tanpri al gade sit entènèt OCFS la sou ocfs.ny.gov oswa rele nan 518-474-1567.